



Lapriyè Lespri Sen an

Men nou devan w, Lespri Sen, nou rekonèt nou se pechè,
men nou konnen nou rasanble nan non w.

Vini sou nou, rete avèk nou, klere kè nou.

Ban nou limyè ak fòs nou bezwen pou n kab konprann volonte w,
pou fè li tounen volonte pa nou,
epi pou nou viv li nan lavi nou.

Gide nou ak bon konprann ou, ede nou ak pouvwa ou,
paske ou se Bondye, e ou gen menm pouvwa ak Papa a ansanm ak Pitit la.

Ou vle jistis pou tout moun:

Ede nou nan jefò n ap fè pou dwa tout moun respekte,
pa kite nou tonbe nan inyorans

ni pa kite laperèz ak favè kòwonpi nou.

Fè nou fè yon sèl avèk ou nan renmen

e ede nou rete fidèl a laverite.

Pandan nou reyini nan non w

fè nou rete kalm nan jistis ak renmen

yon fason pou tout desizyon nou yo kab fè w plezi,
e merite rekonpans ou te pwomèt tout mou ki rete fidèl nan sèvis ou.

Ou menm ki vivan e k ap kòmande ak Papa a ansanm ak Pitit la,

yon sèl Bondye, depi toutan e pou toutan. Amèn